


# Lè nou Konsidere Laj Majè a, Opsyon pou Pran Desizyon yo ak Transfè Dwa yo



## Laj Majè ak Transfè Dwa yo

Daprè Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA), transfè dwa paran yo kapab fèt "lè yon timoun ki andikape rive nan laj majè selon lejislasyon Eta a ki aplike pou tout timoun yo (sof pou timoun ki andikape yo dekouvi ki enkonpetan yo selon lejislasyon Eta a)." Nan Florida, moun yo rive nan laj majè a epi ki resevwa transfè dwa yo a ak 18 lane ([Seksyon 743.07, Lwa Florida yo \(F.S.\)](#)).



## Etidyan ki genyen 18 lane yo - Kisa pou nou Atann

Prepare etidyan yo pou pran desizyon konsènan lavi yo se yon pwosesis ki vrèman enpòtan. Pami egzijans federal ak nasyonal yo w ap jwenn:

1. Ak 18 lane, etidyan yo ap gen dwa pou pran desizyon ki gen rapò ak edikasyon.
  - Omwen yon lane anvan yon etidyan genyen 18 lane, etidyan ak paran li yo dwe fè konnen transfè dwa yo bay etidyan an ap fèt ak 18 lane. Sa dwe fèt pou pi ta nan jou etidyan an ap fete 17èm anivèsè li a epi li dwe ekri nan plan edikasyon endividiyèl la (IEP).
  - Y ap voye yon lòt notifikasyon bay etidyan ak paran li yo nan moman 18èm anivèsè etidyan an prèske rive a, men sa a toujou fèt anvan.
  - Anplis, pwojè Iwa Chanm Reprezantan yo (HB) 19 (2023) modifie [seksyon 1003.5716, F.S.](#) la pou fè konnen biwo lekòl la ap bay etidyan ak paran li yo enfòmasyon ak enstriksyon sou oto-detèminasyon ak dwa jiridik epi responsabilite ki gen rapò ak pran desizyon nan zafè edikasyon ki transfere bay etidyan an lè li genyen 18 lane. Enfòmasyon an dwe gen ladan I fason etidyan kapab bay konsantman eklere pou otorize paran li yo kontinye patisipe nan desizyon k ap pran sou edikasyon yo, tankou:
    - Konsantman eklere pou bay aksè ak dosye konfidansyèl ki pwoteje yo selon Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) jan sa ye nan [seksyon 1002.22, F.S.](#);
    - Pwokirasyon an jan sa ye nan [Chapit 709, F.S.](#);
    - Pledwaye pou Responsab legal la jan sa ye nan [seksyon 393.12, F.S.](#);
    - Responsablite Legal jan sa ye nan [Chapit 744, F.S.](#); ak
    - Akò pou desizyon ki pran avèk asistans jan yo prevwa sa nan [seksyon 709.2209, F.S.](#)"
2. Kalifikasyon pou avantaj Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI) a ap detèmine ankò sou baz yon prensip andikap pou granmoun (jeneralman nan mwa ki vini anvan 18èm anivèsè a).
3. "Asirans sante a kapab chanje. Lwa Florida mande pou yo kouvri depans pou moun ki sou kont leta yo jiskaske yo genyen 30 lane. Granmoun ki gen asirans sante ki kouvri jèn yo dwe verifye kontra yo a" (Dwa Andikape yo nan Florida, n.d.).
4. Etidyan yo benefise dwa pou vote epi yo dwe anrejistre pa imèl oswa anliy nan eta yo ye a. Ou dwe genyen 18 lane nan jou eleksyon an pou kapab ranpli kondisyon pou vote nan eleksyon sa a, men enskripsyon an kapab fèt ak 16 lane epi aprè ([Dwa Andikape yo nan Florida](#)).
5. Tout gason yo dwe enskri nan sèvis militè nan lespas 30 jou aprè yo fin gen 18 lane. Pa genyen yon egzanpsyón jeneral nan enskripsyon an ki baze sou sante mantal ak fizik, men genyen kèk kritè ki kapab bay yon egzanpsyón. Jwenn plis enfòmasyon - Egzanpsyón nan Enskripsiyon Chwa Sèvis yo nan <https://www.sss.gov/faq/>.



# Lòt Solisyon pou Pran Desizyon: Chwazi Pi Bon Opsyon an avèk Pitit Mwen an

Lejislasyon Florida a ofri yon sistèm ki pèmèt moun ki andikape yo patispe nan desizyon ki pran yo nan tout nivo ki posib yo.



## Ede nan Pran Desizyon

**Desizyon ki Pran avèk Asistans (Desizyon ki Pran avèk Asistans [Supported Decision-Making, SDM])** se lè yon moun ki gen yon andikap developmantal, ki gen kapasite pou li "egzèse dwa li avèk yon asistans ki awopriye," resevwa yon reprezantan legal pou bay asistans sa a. Reprezantan legal la ede nan tach pran desizyon moun nan manke kapasite pou li egzèse yo (sektion 393.12, Lwa Florida yo). Yon akò SDM se yon akò kote pwokirasyon an bay reprezantan legal la otorite pou resevwa enfòmasyon epi pou l kominike nan non [moun] nan nan domèn bezwen yo idantifye yo (Seksyon 709.2209, F.S.) Lwa Florida yo rekonèt chak moun gen bezwen ki divès ak kapasite ki inik. SDM pèmèt moun ki gen andikap developmantal yo pou yo patispe nan desizyon ki afekte lavi yo pi aktivman posib.

## Sèvis Labank yo

Yon pwokirasyon ki fè konnen ajan an gen otorite pou fè **tranzaksyon labank** nan non moun nan tankou: etabli, kontinye, modifie, oswa fin fè yon kont labank; kontra pou sèvis ki disponib nan yon enstitisyon finansye; retire lajan oswa byen pwopriyetè a te depoze a oswa te kite nan depo lakay yon enstitisyon finansye. (Seksyon 709.2208, F.S.)

## Pwokirasyon

Yon **Pwokirasyon** se yon dokiman jiridik kote ladan l yon moun bay yon lòt moun (ajan) otorite pou aji nan non li epi moun nan ap toujou konsève dwa li genyen pou aji nan non pa li. Yon **Pwokirasyon Dirab** se lè otorite pou aji nan non moun nan pa limite si moun sa a ta vin genyen yon enkapasite mantal nan lavni. (Seksyon 709.2102, F.S.)

## Enstriksyon Alavans

**Testaman** se yon dokiman alekri oswa deklarasyon ki fèt nan bouch ki pa ekri devan kèk temwen ki eksprime tout volonté yon moun genyen nan zafè swen sante. Yon **Testaman Lavi** se yon enstriksyon alavans ki eksprime tout enstriksyon yon moun sou pwosedi pou pwolonje lavi. Yon **Mandatè Swen Sante** se yon enstriksyon alavans kote yon moun chwazi yon lòt moun pou kapab pran desizyon nan zafè swen sante pou li epi fè demann pou kapab benefisyé avantage swen sante yo. (Seksyon 744.3115, F.S.)

## Kontra

Yon dokiman jiridik yo rele **Trust** kapab itilize pou bay yon moun pouwva pou jere byen yon lòt moun ki bezwen asistans. Yon **Special Needs Trust** ede yon moun ki andikape konsève avantaj ki gen rapò ak bezwen li yo tankou asirans sante "medicaid" pandan y ap retire kèk aktif ak revni. Monte sou Florida Medicaid.com pou jwenn plis enfòmasyon.



Lè y ap chwazi yon solisyon pou pran yon desizyon avèk ptit ou a, li enpòtan pou se pi bon desizyon an ki pral bay timoun nan ki gen pou li vin yon granmoun tout kapasite ki genyen pou pran desizyon pandan y ap prezèv sante ak byennèt jeneral li. Kèk nan desizyon yo ki afiche pi ba a kapab konbine nan yon fason ki koresponn ak nivo asistans ptit ou a bezwen an. Rive jwenn bon jan ekilib ant asistans ak otonomi se kle pou kapab asire ptit ou a genyen opòtinite pou li mennen lavi ki plis oto-detèmine a.

## Chwa Nan Mitan yo

## Plis Chwa Limite

Medikal Mandatè	Reprezantan Benefisyè	Pledwaye pou Responsab Legal	Responsablite Legal
<p>Yo itilize <b>Yon Pwokirasyon Medikal</b> lè yon moun vin pa kapab pran desizyon ki gen rapò ak swen sante epi pa t genyen yon testaman ki gentan fêt. Yon jij kapab chwazi Responsab legal pasyan an antanke mandatè medikal la oswa lòt moun kapab itilize antanke mandatè medikal tankou mandan oswa mesye marye, pitit ki majè, paran oswa frè ak sè pasyan an ki majè. (<u>Seksyon 765.401, F.S.</u>)</p>	<p>Yon <b>Reprezantan Benefisyè</b> se yon antite Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) la chwazi (jeneralman fanmi oswa zanmi men li kapab yon òganizasyon tou) pou jere avantaj sosyal yon moun benefisyè. Sa a vle di avantaj benefisyè yo pral jwenn Reprezantan Benefisyè a pou li kapab byen itilize yo. Avantaj Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) yo dwe itilize pou bay manje, rad, lojman, swen sante epi atik pou konfò pèsònèl ak benefisyè Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) la. Tout rès lajan ki rete yo dwe ekonomize sou yon kont ki reminere oswa sou kèk obligasyon finansye epay yon fason pou kapab itilize yo nan pwochen bezwen benefisyè èd sosyal la. (<u>Seksyon 402.33, F.S.</u>)</p>	<p><b>Pledwaye pou Responsab Legal</b> ladiisponib pou moun ki gen andikap entelekyèl yo (Developmental Disability, DD). Li pa posib pou detèmine si yon moun gen bezwen yon responsab legal poutèt li sèlman genyen yon andikap entelekyèl (Developmental Disability, DD). Men si yon moun ki genyen yon andikap entelekyèl manke kapasite pou li pran kèk (se pa tout) desizyon ki gen rapò ak swen pou li bay tèt li oswa byen li posede, yon tribal mobil kapab chwazi yon Avoka nan zafè Gad Legal pou ede li pran desizyon nan domèn li gen bezwen asistans yo. (<u>Seksyon 393.12, F.S.</u>)</p>	<p><b>Responsablite Legal Total</b> se lè yo dekovri yon moun manke kapasite pou li pran swen tèt li ak byen li posede. Tribunal la (tribunal mobil la) ap chwazi yon responsab legal pou egzèse tout dwa ak pouvwa yon moun genyen ki kapab transfere bay yon lòt moun pou li fè yon bagay legalman. <b>Responsablite Legal Limite</b> se lè yo dekovri yon moun manke kapasite pou li egzèse kèk nan dwa li yo men se pa tout nèt. Tribunal la ap chwazi yon responsab legal pou egzèse dwa yo kapab transfere bay yon lòt moun pou li fè yon bagay legalman. (<u>Seksyon 744.102, F.S.</u>)</p>

### Resous ki itilize pou kontni tablo sa a gen ladan:

#### Inyon Ameriken pou Libète Civil yo (American Civil Liberties Union)

[https://www.aclu.org/sites/default/files/field\\_document/faq\\_about\\_supported\\_decision\\_making.pdf](https://www.aclu.org/sites/default/files/field_document/faq_about_supported_decision_making.pdf)

#### Dwa Andikape yo nan Florida: Ki Lòt Solisyon ki Genyen pou ranplase Responsablite Legal la?

[https://disabilityrightsflorida.org/disability-topics/disability-topic-info/what\\_are\\_the\\_alternatives\\_to\\_guardianship](https://disabilityrightsflorida.org/disability-topics/disability-topic-info/what_are_the_alternatives_to_guardianship)

#### Komite Andikap Entelekyèl Florida a - Devlope Kapasite yo ak Restore Dwa yo: Yon Gid pou Sipòte Moun ki gen Andikap yo

<https://fddc.org/wp-content/uploads/2020/08/Developing Abilities-Restoring Rights-Guide.pdf>

#### Bawo Florida - Bay Konsèy ak Paran ki gen Timoun ki Bezwen Espesifik yo

<https://www.floridabar.org/the-florida-bar-news/guidance-offered-for-parents-of-teens-with-special-needs/>

#### Lwa Florida yo

<http://www.leg.state.fl.us/Statutes/index.cfm?Mode=Search%20Statutes&Submenu=2&Tab=statutes>

#### Sant Resous Nasyonal pou Ede nan Pran Desizyon - <http://supporteddecisionmaking.org/>

## Resous

**Gen aksè pou vote - Eleksyon ki konsène Tout Moun Alawonnbadè** - Bay enstriksyon pou asire moun k ap vote ki andikape yo gen aksè pou vote. <https://www.accesssthevote.org/>

**Brink** - Yon òganizasyon san patipri ki pa la pou fè lajan (501, c) (3) ap chèche fason pou rann pwosesis demokratik yo plis aksesib pou moun ki andikape yo pandan y ap itilize teknlji, konsepsyon ak syans konpòtmantal.  
<https://www.brinkapp.co/>

**Sant Enfòmasyon ak Resous pou Paran yo - Prepare w pou Lè Timoun ou an Rive nan Laj Majè - Yon Gid pou Paran yo** - Fich konsèy anliy sa a gen ladan l anpil sijè enpòtan ki konsène transfè dwa paran yo bay etidyan an.  
<https://www.parentcenterhub.org/age-of-majority-parentguide/#defs>

**Lajan Responsablitè Legal la ap koute** - Yon reprezantasyon vizyèl ki eksplike konbyen kòb sa a ap koute pou mete yon timoun ki gen yon andikap entèlektyèl sou responsablitè legal nan Florida pandan w ap itilize pwosedi rapid la pou fè demann yon avoka nan zafè responsablitè legal.

<https://www.guardianproject.us/what-does-getting-guardianship-cost-infographic/>

**Dwa Moun Andikape yo nan Florida - Genyen 18 lane ak Lòt Opsyon** - Eksplike ki bagay ki chanje lè jèn yo vin gen 18 lane.  
[https://disabilityrightsflorida.org/disability-topics/disability\\_topic\\_info/turning\\_18\\_guardianship\\_other\\_options](https://disabilityrightsflorida.org/disability-topics/disability_topic_info/turning_18_guardianship_other_options)

**Komite Andikap Entelektyèl Florida a - Devlope Kapasite yo ak Restore Dwa yo - Yon Gid pou Moun ki Andikape yo:** Gid sa a bay materyèl edikatif nan domèn dwa jiridik yo. Genyen tou yon liv akonpayman.

<https://fddc.org/wp-content/uploads/2020/08/Developing-Abilities-Restoring-Rights-Guide.pdf>

**Komite Andikap Entelektyèl Florida a - Klere Chimen (Lighting the way) an pou Responsablitè Legal ak Lòt Opsyon pou Pran Desizyon - Yon Liv pou Moun yo ak Fanmi yo:** Resous sa a bay enfòmasyon yo an Anglè ak Panyòl. Lòt resous Klere Chimen an (Lightning the way) Komite Andikap Entelektyèl Florida (FDDC) yo disponib, tankou: fich enfòmasyon, yon fòmasyon anliy ak yon ti liv sou kòman pou pran desizyon nan lavi ki fèt pou moun ki andikape yo.

<https://www.fddc.org/publications/>

**Gen Egzanpsyon nan Enskripsiyon pou Chwa Sèvis yo** - Eksplike kisa yo mande nan enskripsiyon pou gason yo ki gen andikap ki vin 18 lane. <https://www.sss.gov/faq/>

**Vizite Opsyon Pou Mwen Pran Desizyon yo (My Decision-Making Options)** - Gade nan lis ki nan paj 7 ak 8 la ki ede yon moun ki andikape detèmine ki kategori sipò li bezwen pou kapab pran desizyon.

[http://flfcic.fmhi.usf.edu/docs/Florida\\_WINGS\\_DecisionMaking\\_FINAL\\_Digital.pdf](http://flfcic.fmhi.usf.edu/docs/Florida_WINGS_DecisionMaking_FINAL_Digital.pdf)

**Yo dekri Bawo Florida, Gid pou Siviv Jiridikman: Gid pou Sivivan Jiridik** - Lwa Florida Yo Ou t a Dwe Konnen tankou yon sit entènèt ki fenk devlope pou moun ki gen 18 lane yo epi ki vle konprann kijan lalwa gen pou l enpakte lavi yo.  
<https://www.legalsurvivalguide.org/>

**Bawo Florida a, Pro Bono ak Asistans Jiridik** - Paj entènèt sa a bay enfòmasyon konsènan sèvis legal yo ak yon pri ki ba.  
<https://www.floridabar.org/public/probono/>

**Vokabilè Responsablitè Legal la** - Anplis definisyon plis apse 40 tèm yo, resous sa a bay tou lyen pou ale sou 20 tribunal mobil k ap bay sèvis ak abitan Florida yo.

<https://www.guardianproject.us/florida-guardianship-glossary-list>

**Sant Resous Nasyonal pou Desizyon ki Pran avèk Asistans** - Rasanble divès patnè pou garanti yo jwenn opinyon nan men tout pati ki konsène yo ki gen pamí yo granmoun aje, moun ki gen andikap entèlektyèl ak devlòpmantal (Intellectual Disability/ Developmental Disability, ID/DD), manm fanmi, defansè, pwofesyonèl ak founisè epi pou garanti enterè yo byen reprezante.  
<https://supporteddecisionmaking.org/about/>

**Sant PACER, Prepare Pitit ou a pou Laj Majè a ak Transfè Dwa yo** - Resous sa a eksplike kòman paran yo kapab prepare timoun yo a ki andikape a pou transfè dwa yo a.

<https://www.pacer.org/parent/php/PHP-c63.pdf>